दिन—गुरूवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक—25.12.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　अवधिः—05 मिनट

---

राष्ट्र आइ पूर्व प्रधानमंत्री भारतरत्न अटल बिहारी वाजपेयी कँ हुनकर एक सय एकवीं जयंतीक अवसर पर श्रद्धापूर्वक स्मरण कऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि अवसर पर लखनऊ मे आयोजित कार्यक्रम मे अटल बिहारी वाजपेयी कँ समर्पित **राष्ट्र प्रेरणा स्थलक** उद्‌घाटन कयलथि आओर जनसभा के संबोधित कयलथि। राष्ट्र प्रेरणा स्थल देशक लोकतात्रिक, राजनीतिक आओर विकास यात्रा पर अपन छाप छोड़य वला श्री वाजपेयी जीक जीवन आओर आदर्शक प्रति एकटा श्रद्धांजलि होयत। एम्हर, पटनाक पाटलिपुत्रा पार्क मे आयोजित राजकीय समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, पूर्व प्रधानमंत्री के प्रतिमा पर माल्यापर्ण कऽ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

---

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी, पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेयी कँ युग पुरूष कहलनि। श्री सरावगी कहलनि जे अटल जीक विकास योजना सँ देश प्रगति पथ पर आगु बढ़ि रहल अछि। ओ कहलनि जे अटल जी मैथिली भाषा कँ संविधानक आठवीं अनुसूची मे शामिल कऽ कँ मिथिलाक मान बढ़ेलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ देश भरि मे आयोजित कयल जा रहल सांसद खेल महोत्सव मे सम्मिलित खिलाड़ी आओर खेल प्रशंसक सभ सँ संवाद कयलनि। वर्चुअल माध्य सँ कार्यक्रम कँ संबोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे सांसद खेल महोत्सवक माध्यम सँ देश भरि मे हजारो प्रतिभाशाली खिलाड़ी उभरि रहल अछि। ओ कहलनि जे एकर दायरा आओर प्रभाव दुनू बहुत बढ़ि गेल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे कि खेल महोत्सव युवा विकासक माध्यम सँ राष्ट्र निर्माणक मजबूत स्तंभ बनि रहल अछि। श्री मोदी युवा सभक उत्साहवर्धन करैत कहलनि कि ऐहेन खेलक आयोजन सँ युवा सभ मे हार आ जीत सँ इतर खेल भावनाक विकास होयत। श्री मोदी कहलनि जे वर्ष दू हजार तीस मे जखन भारत अहमदाबाद मे कॉमनवेल्थ खेलक मेजबानी करत तखन पूरा दुनिया भारत दिस देखत। ओ कहलनि जे ई

युवा खिलाड़ी सभक लेल एकटा महात्पूर्ण अवसर होयत। श्री मोदी कहलनि जे वर्ष दू हजार छत्तीस मे ओलंपिक खेलक मेजबानी हासिल करबाक लेल प्रयास कऽ रहल अछि।

———————————————————

कैमूर जिलाक मोहनियां प्रखंडक जैतपुर–भदवलिया गामक कमलेश कुमार कँ अदम्य साहस, मानवता आओर परोपराक लेल मरणोपरांत राष्ट्रीय बाल पुरस्कार सँ सम्मानित कयल जायत। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू काल्हि वीर बाल दिवस पर नई दिल्ली मे आयोजित कार्यक्रम मे कमलेश कुमारक परिजन कँ ई पुरस्कार प्रदान करताथि। एगारह वर्षीय कमलेश कुमार एहि बरख जुलाई महिना मे दुर्गावती नदी मे डुबैत एकटा बच्चा कँ अपन जानक परवाह कयने बिना बचौने छलाह।

———————————————————

आइ मिथिला समेत देश भरि मे कतेको ठाम सुख, शांती, समृद्धि एवं आरोग्य प्रदायनी तुलसी पूजन दिवस मनाओल गेल। तुलीस पूजन दिवसक अवसर पर कतेको समाजिक आओर धार्मिक संगठन संस्कृति संरक्षण आ पर्यावरण संतुलनक संदेश देलनि।

———————————————————

सिख के दशम आओर अंतिम गुरु, गुरु गोविन्द सिंह जी महाराजक तीन सय उनसठिवां प्रकाश पर्व के लऽ कँ आइ तख्त श्रीहरि मंदिर साहिब पटना सिटी सँ नम्हर प्रभात फेरी निकालल गेल। प्रकाश पर्वक मुख्य समारोह सत्ताईस दिसंबर कँ तख्त श्रीहरि मंदिर पटना साहिब मे आयोजित कयल जायत।

———————————————————

क्रिसमसक त्योहार आइ श्रद्धा आओर उलासक संग मनाओल जा रहल अछि। ईसाई धर्मावलंबी ईसा मसीहक जन्म दिवस क्रिसमस के रूप मे मनबैत अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोकसभ के क्रिसमस के बधाई आओर शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————

सर्द पछवा हवाक कारणे प्रदेशक कतेको ठाम ठंढ़क प्रकोप जारी अछि। मौसम विभागक रिपोर्टक अनुसार अगिला तीन दिन धरि प्रदेशक कतेको ठाम शीतदिवसक स्थिति बनल रहत। विभाग पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, मधुबनी, कटिहार, बांका, रोहतास, भभुआ समेत राज्यक उत्तरी, दक्षिण–पश्चिम आओर दक्षिण–पूर्व भाग मे घनगर कुहेस रहबाक अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।